



Pou Piblikasyon Imedya: 2/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM SIBVANSYON "FAST NY" JISKA 200 MILYON DOLA POU ATIRE ENDISTRI KLE YO NAN SIT KI PARE POU LANSE YO ATRAVÈ ETA A AP AKSEPTÈ LÈT ENTANSYON**

*Pwogram lan pral relanse pwogram New York Shovel-Readiness la ak ogmante atraktivite gwo anplwayè yo nan eta a*

*Yo pral òganize yon [seminè anliy](#) pou aplikasyon potansyèl yo nan dat 15 desanm*

*[Pòtay aplikasyon](#) an ap ouvri 15 desanm*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke nouvo pwogram sibvansyon Vwa ki Konsantre sou Atraksyon ki Pare pou Lanse (Focused Attraction of Shovel-Ready Tracts, FAST NY) ki nan jiska 200 milyon dola a pou atire ak elajji endistri kwasans kle yo nan Eta New York pral aksepte Lèt Entansyon aplikasyon potansyèl yo. FAST-NY bay sètifikasyon ak finansman pou ede prepare sit komèsyal kle atravè Eta New York pou devlopman yon fason pou atire fabrikasyon gwo teknoloji; distribisyon ant plizyè eta ak biznis lojistik; ak lòt gwo anplwayè. Empire State Development ap aksepte Lèt Entansyon kòm yon premye etap nan pwosesis aplikasyon an epi li pral aksepte aplikasyon yo sou baz kontinyèl nan men sila yo ki te soumèt lèt yon fwa pòtay aplikasyon an ouvri nan dat 15 desanm.

"Nouvo pwogram FAST-NY la pral ranfòse pozisyon New York kòm yon sant komèsyal nan ogmante rezèv nou an nan sit ki pare pou lanse ak atire djòb ak biznis lavni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk investisman jiska 200 milyon dola sa a, n ap ede ranfòse ekonomi eta nou an epi antre nan endistri kle ki pote travay ki gen gwo kwasans ak gwo salè. Mwen ankouraje moun ki enterese nan FAST NY pou yo rekòmanse aplikasyon yo lè yo soumèt yon lèt entansyon".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Investisman istorik Micron te anonse nan New York Santral se yon prèv pozitif ke gen yon sit ki pare pou konpayi yo bati sou li se yon investisman entelijan. Pandan konpayi sa yo ap chèche pwofite CHIPS federal ak Syans ak pwòp pwogram Green CHIPS New York la, New York pral bezwen lòt sit ki pare pou lanse, epi FAST NY pral ede inogire yon nouvo epòk kwasans".

Envestisman ki pare pou fèt yo se yon motè kle nan chwa sit pou endistri semi-kondiktè a. Fabrikan semi-kondiktè Micron dènyèman te chwazi sit White Pine ki pare pou lanse nan New York Santral pou l envesti jiska 100 milya dola pou fabrikasyon pis li yo epi sit ki pare pou lanse nan Marcy se te yon faktè kle ki te mennen Wolfspeed nan Mohawk Valley.

Gen twa kalite pwogramasyon Vwa ki Konsantre sou Atraksyon ki Pare pou Lanse (FAST NY):

- **Pis A - Sètifikasyon Pare pou Lanse FAST NY**
  - Deziyasyon gratis sa a ke ESD fè pou rezon maketing sit etabli ke aplikan an te travay aktivman avèk Eta New York ("Eta a") pou rezoud tout gwo pwoblèm pèmi anvan yon biznis eksprime enterè nan lokal la. Y ap anonse detay yo nan yon dat annapre.
  
- **Pis B - Sibvansyon Pre-Devlopman FAST NY**
  - Y ap bay sibvansyon kapital travay jiska 500,000 dola pou chak sit pou finanse depans planifikasyon ak revizyon sit ki nesèsè anvan devlopman pou sit ki pare pou lanse alavni.
    - Sibvansyon yo pral finanse depans ki nesèsè pou ede moun ki resevwa sibvansyon yo ranpli aktivite pre-devlopman yo, tankou sa ki nesèsè pou Sètifikasyon FAST NY Shovel-Ready a.
  
- **Pis C - Amelyorasyon Enfrastrikti FAST NY**
  - Yo pral bay sibvansyon kapital pou amelyore preparasyon sit ki egziste ki gen matirite lè yo finanse amelyorasyon nan enfrastrikti tankou dlo, egou, transpò, elektrisite, gaz ak lòt depans amelyorasyon sit ki elijib pou kapital la.

Prim sibvansyon konpetitif yo pral disponib pou sit ki satisfè egzijans sètifikasyon FAST NY Shovel-Ready.

Aplikan ki elijib pou aplike yo se minisipalite yo ak òganizasyon devlopman ekonomik san bi likratif yo deziyen nan minisipalite yo, tankou ajans devlopman endistriyèl san bi likratif ki baze nan Eta New York ak otorite yo ak kòporasyon devlopman ekonomik ki deziyen pou aji nan non minisipalite kote sit la ye a. Sit yo dwe gen omwen 16 ekta tè pou yo ka elijib pou konsiderasyon sibvansyon. Sepandan, yo ka fè eksepsyon pou sit ki pi piti yo ki demontre avantaj sit konvenkan oswa benefis piblik tankou posiblite pou reyamenajman sit endistriyèl dezafekte. Endistri ki elijib yo gen ladan:

- Fabrikasyon gwo teknoloji, ki gen ladan men li pa dwe limite a enèji renouvlab teknoloji pwòp, syans lavi, agwo-alimantè, optik, ekipman transpò, pwosesis materyèl, fabrikasyon machin endistriyèl ak lòt fabrikasyon avanse
- Sit pou distribisyon and lojistik ant eta yo
- Yo ka bay priyorite pou fabrikasyon semi-kondiktè ak pwojè endistri ki gen rapò ak chèn apwovizyonman yo

Aktivite ki elijib sou sit yo enkli:

- Fabrikasyon
- Rechèch ak Devlopman
- Pak Biwo
- Distribisyon and lojistik ant eta yo

Tout fon sibvansyon yo pral bay sou yon baz ranbousman. Pou jwenn enfòmasyon sou jan pou soumèt yon Lèt Entansyon (Letters of Intent, LOI), vizite <https://esd.ny.gov/fast-ny>.

**Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare,** "Pandan n ap chèche ranfòse ekonomi New York la apre epòk pandemi an epi pandan n ap chèche ankouraje fabrikasyon lokal pou evite entèripsyon nan chèn apwovizyonman yo, li enpòtan pou nou investi nan sektè fabrikasyon teknoloji avanse ki pral yon motè enpòtan pou kwasans ekonomik ak inovasyon alavni. Pran mezi kounye a pou atire endistri k ap devlope sa yo nan New York pral mete Eta nou an nan pozisyon pou siksè ekonomik alontèm ak bon kreyasyon travay alavni".

**Harry B. Bronson, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Kòm Prezidan Devlopman Ekonomik, mwen kontan wè investisman ki pare pou lanse ki kòmanse fèt. Lè nou te goumen pou mete finansman ki pare pou lanse nan bidjè a, nou te konnen ki jan sa t ap pote transfòmasyon pou kwasans ekonomik nou an kòm yon eta. Kounye a, biznis yo pral chèche Eta New York akòz pwogram sibvansyon sa a, epi kòm rezilta pral kreye plizyè milye nouvo djòb. Sa a se estimilis ekonomik nou bezwen pou n kontinye fè New York avanse nan direksyon fabrikasyon gwo teknoloji, modènize enfrastrikti nou yo, epi kreye yon mendèv enklizif pou eta nou an".

**Ryan Silva, Prezidan Kòporasyon Devlopman Ekonomik Eta New York** "Kwasans ekonomik kontinyèl Eta New York pral akselere lè l investi nan mache/devlopman sit ki pare pou lanse. Investisman sa a pral pèmèt kominote yo pwoaktif nan atire nouvo endistri yo lè yo ofri previzibilite ak diminye tan komèsyalizasyon pou biznis k ap chèche investi ak grandi nan New York. Li pral kreye tou yon demann imedyat pou travay konstriksyon epi modènize enfrastrikti nou an, ki pral ede Eta New York reyalize objektif enèji pwòp deklare li yo pandan l ap kenbe ak atire djòb demen yo, sa ki pral ede garanti opòtinite ekonomik pou tout Nouyòkè yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Lejislati a paske yo apwouve pwogram enpòtan sa a nan bidjè ane sa a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418